# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

सारदीय नवरातर के नवमी तिथि पर आजु प्रदेस भर के देवी मंदिरन अउर सक्तिपीठन में पूजा अर्चना बदे सरधालुअन क भारी भीड़ि जुटल बा। सरधालु मॉ भगवती के नौवा स्वरूप मॉ सिद्धीदात्री क अराधना कइ के मंगलकामना कइ रहल हवे सज्जों जिलन में सजावल गइल पूजा पंडालनों में देवी गीत गूंज रहल हवे अउर लोगि कतार लगा के मॉ भगवती क दरसन पूजन कइ रहल हवे। मिर्जापुर जिला के विंध्याचल स्थित सक्तिपीठ विंध्याचल धाम में ब्रह्म मूहूर्तवे से सरधालु दरसन पूजन कइ रहल हवें। ओहां से हमार प्रतिनिधि बतवलें कि लोगि मॉ विंध्वासिनी के दरसन के बादे विंध्याचल धाम में लागल मेलवों क आनंद उठा रहल हवें। बलरामपुर के देवी पाटन सक्ति पीठों में बड़हन संख्या में सरधलुअन के लाइन लगा के दरसन पूजन क खबरि हौ। सीतापुर जिला के नैमिषारणय में मॉ ललिता देवी मंदिर में अउर बनारस के दुर्गा कुण्ड पर बड़हन संख्या में सरधालु दरसन पूजन बदे पहुंच रहल हवें। गोरखपुर जिला में तरकुलहा देवी मंदिर अउर महराजगंज जिला में लेहड़ा देवी मंदिरों पर आजु नवरातर के आखिरी दिन्ने माता के दरसन पूजन बदे सरधलुअन क तांता लागल हवे।

**********

नवरातर के नवमी तिथि पर आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में मॉ दुर्गा क नौवां स्वरूप मॉ सिद्धिदात्री क पूजन अरचना कइले के बादे कन्या पूजन कइलें। श्री योगी मॉ दुर्गा के प्रतिक स्वरूप नौ कुवांरी कन्या क पांव पखरले, आरती उतरलें अउर पुरहर सरधा के साथे उन्हें भोजन करउलें के बादे दक्षिणा अउर उपहार देके बिदाई दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री प्रदेसवासियन के सारदीय नवरातर अउर विजय दसमी क बधाई देत कहलें कि ई परब नारी गरिमा के प्रतिस्ठा क परब हौ। जवने समाज में नारी क पूजा होला अउर ओके सम्मान दिहल जाला। ऊ समाज खुदे समर्थ अउर सक्तिमान हो जाला।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला बीस अक्टूबर के एक दिन के दौरा पर अपने संसदीय क्षेत्र बनारस आ रहल हवें। ओइजा उहां के नया बनल संकर नेत्रालय क सुभारंभ करिहें अउर येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करिहें। एकरे बादे श्री मोदी बनारस के सिगरा में सम्पूर्णानंन्द स्पोर्ट्स स्टेडियम क लोकारपण करिहें अउर कासी बदे बारह सौ करोड़ से बेसी के परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यासों करिहें। येह में लाल बहादुर शास्त्री अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा  के बिस्तारीकरण क योजना सामिल हौ। बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा संवाददाता लोगिन से बतियावत बतवलें कि प्रधानमंत्री के आगमन के लेके जोर सोर से तइयारी चल रहल हौ।

**********

बनारस के कासी विश्वनाथ मंदिर में अब सरधलुअन के मंदिर ट्रस्ट की ओरि से प्रसाद उपलब्ध करावल जाइ। बनारस क मण्डलायुक्त अउर कासी विश्वनाथ मंदिर क सभापति कौशल राज शर्मा आजु संवाददाता लोगिन से बतियावत कहलें कि मंदिर प्रसासन विजय दसमी के दिन से प्रसाद वितरण क येह नई परंपरा क सुरूआत करे जा रहल हौ। उहां के बतउलें कि लमहर समय से ट्रस्ट की ओरि से येह विसय पर विचार कइल जात रहल कि सरधलुअन के बिच्चे मंदिर ट्रस्ट क प्रसाद वितरित होखे के चाही।

**********

प्रदेस सरकार भ्रष्टाचार के खिलाफ कड़ेर रूख अपनावत प्रदेस के दुइ गो पीसीएस अधिकरियन के निलंबित कइ दिहलें हवें। निलंबित कइल जाये वाले अधिकरियन में जौनपुर क मुख्य राजस्व अधिकारी गणेश प्रसाद सिंह अउर बिजनौर क उपजिलाधिकारी आदेश सिंह सागर सामिल हवें। दुन्नो अधिकरियन के राजस्व परिसद से सबंद्ध करत अलग–अलग मंडल के मण्डलायुक्तन के उनकरे खिलाफ जांच क जिम्मेवादी सौंपल गइल हवे।

**********

सिक्षा मंत्रालय एक भारत श्रेष्ठ भारत के तहत युवा संगम के पचवां फेरा बदे पंजीकरण पोर्टल सुरू कइलें हवे। युवा संगम कइ गो राज्यन अउर केन्द्र सासित प्रदेसन के नौजवानन के लोगिन से संबंध मजबूत करे खातिर केन्द्र सरकार क एगो पहल हौ। अट्ठारह से तीस बरिस के उमिर के नौजवान येह पोर्टल पर पंजीकरण करा के येह में सामिल हो सकेलें।

**********

कौशामी जिला में प्रधानमंत्री स्वनिधि योजना के तहत नगर निकाय अउर जिला नगरीय विकास अभिकरण की ओरि से सात हजार से बेसी स्ट्रीट वेंडरन के करजा दिहल गइल। उहां के अपर जिलाधिकारी वित्त आ राजस्व बतवलें कि योजना के पहिला फेरा मे सात हजार चार सौ बीस लाभार्थियन के करजा दिहल गइल हौ। एकरे अलावे दूसरका फेरा में ओन्नइस सौ छियानबे अउर तीसरका फेरा में दुइ सौ अड़तालीस स्ट्रीट वेंडरन के करजा दिहल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु भारत रत्न नाना जी देशमुख अउर लोकनायक जयप्रकाश नारायण के उनकरे जयंती पर सरधांजलि दिहलें। श्री मोदी सोसल मीडिया पोस्ट में देस के ग्रामीणन के ससक्तिकरण के प्रति नाना जी देसमुख के समरपण अउर सेवा के याद कइलें आ देस अउर समाज बदे योगदान के लेके लोक नायक जय प्रकाश नारायण क सराहना कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक्स पर लिखले हवें कि जय प्रकाश नारायण राष्ट्र के जनतांत्रिक चेतना के जगा के लोकतंत्र के पुनर्स्थापना में अविस्मरणीय जोगदान दिहले हवे। उहां के सच्चे अर्थ में लोक नायक रहलीं।

**********